



Delaware Konfime Premye Ka Maladi Deperisman Kwonik kay yon Sèf Sovaj ki gen Ke Blan nan Eta a

Eta Delaware konfime premye ka Maladi Deperisman Kwonik li (Chronic Wasting Disease, CWD), kay yon sèf sovaj ki gen ke blan. [Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman](#) Delaware (Department of Natural Resources and Environmental Control, DNREC) anonse rezilta pozitif la jodi a apre [Laboratwa Nasyonal Sèvis Veterinè](#) ki nan Depatman Agrikilti Ameriken an (US Department of Agriculture's National Veterinary Services Laboratory, USDA NVSL) te fin konfime li kay yon sèf yon chasè touye. Yo te pran echantiyon an nan kad yon siveyans woutin yo t a p fè. Li posib pou yon dezyèm sèf yo pran echantiyon li sezon sa a teste pozitif nan Sistèm Laboratwa Dyagnostik Bèt Pennsylvania a. Se USDA NVSL yo ap tann ki pou konfime li. Yo pa t janm detekte CWD oparavan nan Eta Delaware.

Toude echantiyon ki pozitif yo te soti nan sèf ki gen ke blan yo touye nan Konte Sussex. DNREC deja kontakte chasè ki te touye sèf sa yo. Divizyon Lapèch ak Lanati DNREC a ap fè siveyans CWD a chak ane depi 2003, kote li teste 12,938 echantiyon depi lè a. De (2) echantiyon pozitif yo te soti nan plis pase 600 echantiyon yo te pran nan tout Eta a pandan sezon lachas 2025-2026 la.

CWD se yon maladi mòtèl nan sèvo ak sistèm nève a ki afekte espès sèvide yo, tankou sèf, wapiti ak elan. Se pwoteyin enfektye ki mal pliye yo ki rele priyon ki bay li. Yo jwenn CWD a kay sèvide ki gen sis (6) mwa e plis yo. Selon syantifik yo, priyon CWD yo simaye nan mitan bèt yo nan likid kò, tankou krache, san, pipi ak pou pou, sa ki kapab rive atravè kontak dirèk oswa endirèk pa mwayen kontaminasyon tè, manje oswa dlo. Epitou, femèl sèf la kapab bay ti sèf la CWD a in utero oswa pandan akouchman, epi yo jwenn li nan dechay mal sèf la. Pou kounye a, pa gen ni tretman ni vaksen ki disponib kont maladi a.

Byenke yo pa konnen si bèt ka bay moun li, [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi](#) (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) konseye chasè ki touye sèf yo, tankou sa ki gen ke blan, wouj, sika, oswa ke nwa, wapiti oswa elan nan yon epòk kote yo te konfime gen ka CWD

pou fè yo teste bèt yo a anvan yo manje vyann nan. Moun pa ta dwe manje vyann yon bèt ki teste pozitif.

Tousuit apre yo fin konfime ka a, DNREC te mete Plan Entèkansyon CWD li an an plas. DNREC te etabli yon Zòn Jesyon CWD sou baz Zòn Jesyon Bèt Sovaj yo nan yon reyon 5 mil ozalantou kote yo te touye sèf la epi l ap kòmanse pran echantiyon an gwoup nan zòn sa a pou l detekte nenpòt lòt ka toupre a. Zòn Jesyon CWD a gen ladan l [zòn jesyon bèt sovaj 14 ak 16](#). Yo ka kontakte chasè ki te touye sèf nan zòn sa a dirèkteman pou yo jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo.

Dirijan Eta Delaware yo ap travay avèk ekspè nan maladi bèt sovaj yo pou detèmine yon tay echantiyon ki apwopriye selon sitiyan an. Si gen plis sèf ki teste pozitif, y ap etann zòn entèkansyon an epi y ap pran plis echantiyon apres. DNREC pibliye enfòmasyon sou CWD ansanm avèk plan entèkansyon an, epi li prevwa òganize yon reyinyon avèk kominote ki toupre zòn deteksyon an pou rezidan yo kapab poze kesyon epi jwenn dènye enfòmasyon yo. Pandan pwochen sezon lachas sèf la, Eta Delaware prevwa enpoze anrejistremman obligatwa sèf yo nan pòs kontwòl sante bèt sovaj yo, lè yo ouvè, pou fè tès depistaj CWD nan zòn enfeksyon yo deziyen an, epi li ka fè chanjman règleman ki vize redui pwopagasyon maladi a nan mitan sèf sovaj yo.

Yo detekte CWD a nan 37 Eta, ki se Alabama, Arkansas, California, Colorado, Delaware, Florida, Georgia, Idaho, Illinois, Indiana, Iowa, Kansas, Kentucky, Louisiana, Maryland, Michigan, Minnesota, Mississippi, Missouri, Montana, Nebraska, New Mexico, New York, North Carolina, North Dakota, Ohio, Oklahoma, Pennsylvania, South Dakota, Tennessee, Texas, Utah, Virginia, Washington, West Virginia, Wisconsin, ak Wyoming. Se premye fwa yo detekte li nan Delmarva.

CWD a kapab simaye rapid nan mitan espès sa yo pandan y ap mache chèche manje nan tout zòn yo.

Piblik la kapab ede ralanti pwopagasyon CWD a lè yo pran mezi sa yo:

- Pa deplase sèf ki vivan yo.
- Pa nourri sèf sovaj yo, ni lage chen dèyè yo ni ba yo dlo.
- Jete kakas ki soti nan Eta Delaware yo nan dechaj la epi pa pote kakas antye ki soti nan lòt Eta yo nan Eta Delaware, ni pa deplase kakas antye yo an deyò Zòn Jesyon CWD a.
- Siyale sèf ki malad oswa ki pa nòmal yo nan [Fòm Deklarasyon Bèt Sovaj ki Malad ak Blese DNREC a](#). Siy yo ka gen ladan yo pèt pwa,

move kowòdinasyon, zòrèy lage, bave, difikilte pou vale ak pipi souvan.

- Pa tire, manyen ni manje bèt ki sanble malad oswa ki aji yon fason dwòl.
- Evite manyen oswa manje vyann bèt yo jwenn ki mouri nan anviwònman an.
- Itilize pwodui sentetik ki fèt ak pipi sèf olye w itilize sa ki natirèl yo epi evite vide pipi sèf ki natirèl atè a.

Byenke sezon lachas sèf pou lwazi nan Eta Delaware fèmen, agrikiltè k ap retire sèf nan fèm yo nan kad [Pwogram Asistans pou Dega Sèf Lakoz](#) yo ta dwe respekte kèk mezi prekosyon.

Depatman Agrikilti Delaware (Delaware Department of Agriculture, DDA) ap ankouraje tout fèm sèvide yo respekte mezi biyosekirite ki estrik pou yo ka diminye risk pou sèvide yo kenbe yo antre an kontak avèk bèt sovaj yo, sitou nan verifye entegrite kloti ki delimitè fèm nan. Yo dwe siyale tout bèt ki mouri nan yon fèm pou sèvide yo kenbe nan Biwo Veterinè Eta a ki bay DDA epi bay DNREC nan espas yon jou ouvrab epi y ap soumèt li bay yon laboratwa USDA apwouve pou zafè tè depistaj. W ap jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pou sitiyasyon ijans ak biyosekirite sèvide yo kenbe yo sou [sitwèb USDA](#) a.

DNREC ap rapousuiv avèk pwogram siveyans alontèm li an pou li pi byen konprann anplè maladi a epi suiv pwopagasyon an. Gen plis enfòmasyon sou CWD, tankou plan entèkansyon Eta a, yon kat zòn jesyon an ak konsèy pou piblik la, ki disponib sou pajwèb de.gov/cwd a.